

KONSANTMAN JENERAL POU TRETMAN, AKÒ FINANSYE, AK FÒMILÈ OTORIZASYON

NON LEGAL KONPLÈ PASYAN AN: _____ DAT LI FÈT: ___/___/___

NON KONPLÈ GADYEN LEGAL LA: _____

SA LI YE POU PASYAN AN: _____

KONSANTMAN POU TRETMAN: Mwen, yon pasyan ki granmoun dapre lalwa oswa gadyen legal la, dakò pou tèt pa mwen oswa pou pasyan ki gen non li pi wo a (“Pasyan” an), resevwa swen medikal, tès ak tretman nan men Pediatric Associates & Pediatric Associates Family of Companies (“Kabinè” a) ak founisè swen medikal yo. Sa gen dwa gen ladan egzamen ki se nesosite medikal, tretman, òdonans ak administrasyon medikaman, piki, vaksen, depistaj ak kesyonè, tès dyagnostik, pwosedi laboratwa, entèvansyon nan kabinè, aranjman pou sèvis medikal, sèvis dijans nan men founisè swen medikal la, lòt manm pèsònèl ki gen pèmi egzèsè oswa manm pèsònèl ki sou sipèvizyon founisè swen medikal ki gen pèmi egzèsè pou vizit sa a, vizit k ap fèt pi devan, ak vizit telesante. Pasyan an konprann pami founisè swen medikal yo gen dwa genyen doktè, enfimiyè pratisyen, asistan doktè, ak lòt klinisyen epitou etidyan, estajyè, ak klinisyen ke yo anplwaye ke yo pa anplwaye dirèkteman nan Pratik la.

Pasyan an konprann li gen dwa pou bay konsantman oswa refize bay konsantman pou kèlkeswa tretman oswa entèvansyon ki se nesosite medikal la, sòf si lalwa egzije yon lòt bagay. Pasyan an konprann li gen dwa fè chita pale sou tout tretman medikal yo avèk founisè swen medikal yo. Pasyan an konprann pratik medsin ak chiriji se pa yon syans egzakt, epi dyagnostik la ak tretman an gen dwa gen ladan risk donmaj oswa lanmò. Pasyan an konprann yo pa bay garanti sou ni dyagnostik, ni tretman ni swen Pasyan an gen dwa resevwa. Pasyan an konprann konsantman pou tretman sa a dwe gen siyati pou yo wè Pasyan an, epi y ap konsidere li valid jiska lè Pasyan an revoke konsantman sa a alekri.

KONSANTMAN POU TELESANTE: Pasyan an dakò resevwa swen ak tretman ki gen ladan itilizasyon kominikasyon elektwonik ant Pasyan an, gadyen legal la, ak founisè swen medikal la ki transmèt pa telefòn ak/oswa pa videyo oswa lòt enfòmasyon ki transmèt bay yon founisè swen medikal ki pa menm kote ak Pasyan an. Sèvis telesante yo pèmèt founisè swen medikal ki yon kote lwen bay enfòmasyon medikal Pasyan an pou dyagnostik, terapi, suivi, ak edikasyon. Pasyan an bay konsantman epi li otorize pratik ak ak founisè swen medikal yo pou yo transfere enfòmasyon Pasyan an bay yon tyès pati si sa nesèsè pou resevwa sèvis telesante, epi Pasyan an konprann pwoteksyon konfidansyalite ki deja anplas yo aplike.

Pasyan an konprann menm si sèvis telesante yo ka sèvi pou ofri swen medikal pi fasilman, menm jan ak nenpòt sèvis oswa entèvansyon medikal, gen risk ki posib. Pami risk yo gen pwoblèm teknik avèk transmisyon enfòmasyon yo ak pàn ekipman ki ta ka lakòz enfòmasyon ki pèdi oswa reta nan tretman. Pasyan an konprann li gen dwa pou li pa bay oswa pou li wete konsantman li pou itilizasyon sèvis telesante nenpòt ki lè, san sa pa gen konsekans sou dwa Pasyan an pou li resevwa tretman pi devan.

KONSANTMAN JENERAL POU TRETMAN, AKÒ FINANSYE, AK FÒMILÈ OTORIZASYON

NON LEGAL KONPLÈ PASYAN AN: _____ DAT LI FÈT: ___/___/___

KONSANTMAN POU ANTESEDAN MEDIKAMAN: Pasyan an otorize Pratik la ak founisè swen medikal yo pou yo mande, itilize, ak bay antesedan òdonans medikaman Pasyan an soti nan men oswa a lòt founisè swen medikal ak/oswa famasi tyès pati si sa nesèsè pou tretman.

ANSÈYMAN AK FÒMASYON MEDIKAL: Pasyan an konprann epi li bay konsantman li pou gen founisè swen medikal, klinisyen, ak lòt pwofesyonèl lasante k ap patisipe nan fòmasyon pandan tretman Pasyan an. Pasyan an konprann epi li bay konsantman pou Pratik la ak founisè swen medikal yo kite moun ki pa anplwaye, tankou etidyan ak founisè swen medikal ki asosye avèk yo k ap patisipe nan pwogram edikasyon, antre nan zòn swen pasyan yo. Pasyan an konprann yo gen dwa jwenn poutèt sa enfòmasyon sou sante. Pasyan an konprann li gen dwa pou li poze founisè swen medikal la kezyon sou fòmasyon sa a e li ka chwazi pa otorize aksè sa a pandan egzamen ak tretman Pasyan an.

IMAJ MEDIKAL: Pasyan an otorize pou yo fè foto pratik la nan objektif ba li swen oswa bay ansèyman medikal. Pasyan an konprann y ap konsève imaj sa yo nan dosye medikal Pasyan an yon fason sekirize k ap pwoteje konfidansyalite Pasyan an. Y ap kenbe imaj yo pandan peryòd lalwa egzije a.

DIVILGASYON ENFÒMASYON SOU SANTE: Pasyan an otorize pratik la pou li bay granmoun ki pa gen gad timoun nan ki nan lis ki pi ba a enfòmasyon pwoteje sou sante Pasyan an pou tretman ak peman lè moun sa yo mennen Pasyan an nan vizit li yo. Pasyan an konprann li gen dwa dapre lalwa pou li otorize tretman alavans, epi mande pou pratik la bay tretman medikal lè gadyen legal la pa kapab la pou vizit Pasyan an epi yo gen dwa kontakte gadyen legal la pa telefòn. Men, mwen konprann otorizasyon pou tretman sa a pa depann de kapasite yo pou yo arive jwenn mwen kòm gadyen legal Pasyan an.

ITILIZASYON AK DIVILGASYON ENFÒMASYON: Pasyan an bay konsantman li pou pratik la itilize ak bay enfòmasyon ki nan dosye medikal Pasyan an, sa gen ladan enfòmasyon pwoteje sou sante, pou tretman, peman, ak aktivite swen sante jan lalwa pèmèt sa. Tout itilizasyon ak divilgasyon ap respekte kondisyon ki idantifye yo nan Avi sou Pratik Konfidansyalite a.

Pasyan an otorize pratik la pou li bay tout dosye vaksinasyon sou demann dirèkteman bay enstitisyon ansèyman ak/oswa gadri Pasyan an. Pasyan an konprann otorizasyon sa a pral rete an vigè jiskaske Pasyan an revoke konsantman sa a alekri. Pasyan an konprann, pou mete restriksyon sou divilgasyon dosye vaksinasyon, Pasyan an dwe mande epi ranpli Fòmilè Demann pou Limitasyon ak Divilgasyon Enfòmasyon Pwoteje sou Sante a (Request for Limitation and Disclosure of Protected Health Information Form), k ap gen ladan dosye vaksinasyon Pasyan an pou lekòl.

ATRIBISYON AVANTAJ AK AKÒ FINANSYE: Avèk dokiman sa a Pasyan an atribye ak otorize peman prestasyon asirans dirèkteman bay pratik la. Pasyan an konprann li gen responsablite peye tout lajan konpayi asirans la pa peye. Pasyan an otorize pou yo bay konpayi asirans ki konsène a

KONSANTMAN JENERAL POU TRETMAN, AKÒ FINANSYE, AK FÒMILÈ OTORIZASYON

NON LEGAL KONPLÈ PASYAN AN: _____ **DAT LI FÈT:** ___/___/___

enfòmasyon medikal ak finansye Pasyan an, sa gen ladan asirans komèsyal ak gouvèmantal. Tout frè asirans la pa kouvri dwe peye nan moman yo bay sèvis yo. Pandan vizit la, Pasyan an konprann moun ki mennen Pasyan an nan randevou a gen dwa responsab peye.

Pratik la gen dwa mande peye frè pou randevou rate, pou chèk ki retounen poutèt ensifizans fon, ak pou aktivite rekouvremant. Pasyan an rekonèt li kapab li Politik sou Randevou Rate a sou sit entènèt la.

POLITIK KABINÈ A: Pasyan an li tout politik Pratik a yo prezante li, epi yo reponn tout kesyon sou politik yo yon fason ki satisfè mwen. Pasyan an dakò respekte politik yo.

KONSANTMAN POU KOMINIKASYON ELEKTWONIK: Pasyan an otorize pratik la pou li sèvi ak enfòmasyon pasyan an pou voye rapèl sou randevou ki prèske rive, pou jwenn opinyon li sou eksperyans li ak kabinè a epi pou bay enfòmasyon jeneral sou sante pa imèl ak/oswa pa mesaj tèks.

DWA AK RESPONSABILITE PASYAN AN: Pasyan an resevwa kopi Dwa ak Responsabilite Pasyan Pediatric Associates la oswa li chwazi rale yon kopi elektwonik apati de sit entènèt la.

AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE:

Lè li make seksyon sa a, Pasyan an rekonèt li resevwa enfòmasyon sou Avi sou Pratik Konfidansyalite a, ki dekri fason Pratik a gen dwa itilize oswa bay enfòmasyon sou sante epi ki rezime dwa Pasyan an pa rapò ak enfòmasyon sa yo. Pasyan an konprann Avi an disponib tou sou sit entènèt pratik la oswa nan biwo a sou demann.

ECHANJ ENFÒMASYON SOU SANTE:

Lè li make seksyon sa a, Pasyan an chwazi otorize pou yo mande ak bay enfòmasyon sou sante Pasyan an nan echanj sekirize rejyonal enfòmasyon sou sante Florid la. Pasyan an konprann se antite ak founisè swen medikal ki gen otorizasyon epi k ap patisipe ki gen dwa jwenn enfòmasyon yo. Pasyan an konprann li gen dwa revoke otorizasyon sa a, epi revokasyon an ap vin an vigè nan dat li fèt la epi li p ap valab pou enfòmasyon sou sante yo deja bay oswa twoke.

LÒT GADYEN LEGAL:

1. Non Konplè ak Non Fanmi : _____
Sa li ye pou Pasyan an: _____
Nimewo telefòn: (_____) _____

KONSANTMAN JENERAL POU TRETMAN, AKÒ FINANSYE, AK FÒMILÈ OTORIZASYON

NON LEGAL KONPLÈ PASYAN AN: _____ **DAT LI FÈT:** __/__/__

2. Non Konplè ak Non Fanmi : _____
Sa li ye pou Pasyan an: _____
Nimewo telefòn: (_____) _____
3. Non Konplè ak Non Fanmi : _____
Sa li ye pou Pasyan an: _____
Nimewo telefòn: (_____) _____

LÒT GRANMOUN KI PA GEN GAD TIMOUN NAN KI GEN DWA MENNEN PASYAN AN NAN VIZIT EPI RESEVWA ENFÒMASYON SOU SANTE PASYAN AN:

1. Non Konplè ak Non Fanmi : _____
Sa li ye pou Pasyan an: _____
Nimewo telefòn: (_____) _____
2. Non Konplè ak Non Fanmi : _____
Sa li ye pou Pasyan an: _____
Nimewo telefòn: (_____) _____
3. Non Konplè ak Non Fanmi : _____
Sa li ye pou Pasyan an: _____
Nimewo telefòn: (_____) _____

SIYATI PASYAN AN (SI PASYAN AN GEN OMWEN 18 AN) OSWA GADYEN LEGAL LA:

Avèk siyati mwen pi ba a, Pasyan an sètifye li li, li konprann, epi li dakò ak bagay ki nan Fòmilè Konsantman Jeneral, Akò Finansye, ak Otorizasyon sa a. Pasyan an sètifye enfòmasyon li bay sou idantite, done demografik, finans, ak asirans pasyan an se laverite. Pasyan an sètifye yo te ba li chans poze kesyon epi yo reponn tout kesyon yo (si li te genyen) yon fason ki satisfè li.

Siyati Gadyen Legal la oswa Pasyan an (si pasyan an gen omwen 18 an)

Dat

Non Konplè an lèt detache Gadyen Legal la oswa Pasyan an